

# Kisa Swen Palyatif ye?

Swen palyatif (palliative care) fèt pou pasyan kèlkeswa etap maladi yo a. Li fèt pou ede ou evite ale lopital ak nan sèvis dijans.

Swen palyatif ede ou jere doulè w oswa sentòm ki mache avèk yon maladi grav oswa kwonik (ki dire lontan). Pwofesyonèl swen sante w la ak yon ekip espesyalis travay ansanm pou yo bay oumenm ak fanmi w pi bon kalite swen posib.

## Kilè Swen Palyatif Bon Pou Mwen?

- Èske w ap lite avèk yon nouvo dyagnostik?
- Èske w te entène nan lopital sa pa gen lontan?
- Èske w konn ale nan sèvis dijans souvan?
- Èske w ap souffri avèk doulè, anksyete oswa lòt sentòm akoz yon maladi kwonik?
- Èske w ap resevwa yon tretman pou w geri?

*Si ou reponn WI pou nenpòt nan kesyon sa yo, sa vle di swen palyatif fèt pou ou!*

## Kiyès Ki Peye pou Swen Palyatif?

Swen palyatif se yon espesyalite medikal.

Gen kèk plan asirans ki kouvri li, tankou Medicare.

## Ki Kote M ap Resevwa Swen Palyatif?

Ou gendwa resevwa swen palyatif nenpòt kote w ap viv kounyeya--lakay ou, lopital, nan kèk klinik ekstèn oswa nan yon etablisman.

## Kijan Pou Mwen Jwenn Swen Palyatif?

ANNIK MANDE! Nenpòt moun kapab mande swen palyatif. Sa gen ladan oumenm (pasyan an), pwofesyonèl swen sante w la, zanmi, yon manm fanmi oswa yon ajans sèvis sosyal.

**Swen Palyatif**

konpare  
ak

**Swen nan Ospis**

## Aprann diferans ki genyen ant Swen Palyatif ak Swen nan Ospis (Hospice Care)



**Swen Palyatif**



**Swen nan Ospis**

Ou pa bezwen dyagnostik pou yon maladi ki nan faz tèminal: Pasyan an gen (yon) maladi grav oswa kwonik

Dyagnostik pou yon maladi ki nan faz tèminal avèk yon pwonostik 6 mwa oswa mwens: Yo prevwa pasyan an gen pou li viv 6 mwa oswa mwens

Jesyon maladi kwonik

Swen pou fen lavi

Kontinye rezevwa tretman pou gerizon

Sispann tretman pou gerizon

**Sant pou Swen nan Ospis ak Swen Palyatif  
(Center for Hospice & Palliative Care)**

**Biwo Zafè Granmoun Aje ak Swen Alontèm  
(Office of Aging and Long-Term Care)**

Imèl: [CHPC@health.ny.gov](mailto:CHPC@health.ny.gov)

Telefòn: (518) 807-7848



[health.ny.gov/hospice](https://health.ny.gov/hospice)